

# Detektè lafimen, kwizine ak plan evakyasyon

## Detektè lafimen yo se aparèy ki enpòtan pou sove lavi.

- Detektè lafimen pa gen kamera ladan yo epi yo pa itilize pou rezon siveyans.
- Detektè lafimen alète moun sou prezans dife. Si w tande alam nan, kite biling lan imedyatman.
- Detektè lafimen ede kenbe w, fanmi w ak vwazen ou an sekirite. Pa janm dezaktive yon detektè lafimen.




## Li se yon danjere pou kwit manje nan yon chanm akouche paske li ka deklanche dife.

- Pa itilize plak chofant, chodyè ak presyon, mijotez, oswa lòt aparèy elektrik pou kwit manje eksepte nan yon kwizin.
- Rad, kabann, ak lòt materyèl ka pran dife si yo twò pre objè sa yo.
- Si w pa gen yon kwizin, ou ka itilize yon mikwo ond pou chofe manje.
- Ploge mikwo ond lan dirèkteman nan yon priz nan miray la, pa nan yon alonj oswa miltipriz.
- Pa mete bagay ki fèt an metal nan yon mikwo ond.



## Soti, rete deyò epi rele 9-1-1 si yon dife pete.

- Ou ka gen mwens pase twa minit pou chape anba yon dife.
- Gen yon plan sòti pou biling ou an. Chèche de sòti. Youn nan sa yo ka yon fenèt si w nan etaj anba a. Fikse yon pwen reyinyon familyal deyò.
- Tout moun nan fanmi w ta dwe konnen tou de sòti sa yo nan biling nan ak ki kote pou n rankontre.
- Si gen lafimen, ranpe atè a kote lè a pi pwòp epi gen plis klète.
- Yon fwa ou deyò, rele 9-1-1 pou jwenn èd.



Department of Fire Services

[www.mass.gov/dfs](http://www.mass.gov/dfs) • (978) 567-3100

